

Si ou gen enkyetid oswa ou santi ou malad

Kontakte pwofesyonèl swen sante w la

Si w gen sentòm COVID-19 la (tous, lafyè, ou pa ka pran gou/sant, doulè nan misk, nen koule, souf kout, ak gòj fè mal) oswa ou te an kontak ak yon moun ki gen COVID-19, kontakte pwofesyonèl swen sante Mass General Brigham ou an pou w fè tès. Ou kapab kontakte yo nan telefòn oswa voye mesaj ba yo nan [Patient Gateway](#).

Itilize zouti anliy Evalyatè COVID-19 la

Zouti anliy sa a ki toujou disponib pou pèmèt pasyan ki gen sentòm COVID-19 yo – oswa ki pè poutèt yo te ekspozè ak COVID-19 – reponn kèk kesyon otomatize anliy. Nan fen evalyasyon kout la, zouti a ap dirije pasyan yo nan pwochen etap yo selon eta sante yo.

Kòmanse fè depistaj

Rele Liy Dirèk Enfimyè COVID-19 la

Si ou pa kapab jwenn pwofesyonèl swen sante Mass General Brigham ou an oswa ou pa gen yon pwofesyonèl swen primè, ou kapab rele Liy Dirèk Enfimyè COVID-19 Mass General Brigham lan nan [**\(617\) 724-7000**](tel:6177247000).

Li disponib soti 8è a.m. rive 4:30 p.m., lendi jiska vandredi (li fèmen samdi ak dimanch); enfimyè yo disponib pou yo reponn kesyon jeneral oswa kesyon espesifik sou COVID-19 pou sila yo ki gen sentòm, ki kwè yo ka te ekspozè oswa ki ap chèche jwenn plis enfòmasyon.

Si zafè fè tès la ak tretman an nesèsè, enfimyè yo ap gide ou nan pwochen etap yo. Yo kapab ajoute entèprèt pou tradwi pou w nan apèl yo pou pasyan ki bezwen sa. Liy dirèk enfimyè a disponib pou nenpòt moun ki se pasyan Mass General Brigham, kèlkeswa sitiyaasyon li ak imigrasyon oswa asirans li genyen.

Demare yon vizit videyo

Mass General Brigham ofri sèvis swen ijan vityèl pratik, kalite siperyè si ou se yon pasyan estab Mass General Brigham nan Massachusetts. Si ou gen enkyetid konsènan COVID-19 oswa ou gen sentòm ki sanble ak COVID, ou kapab pran kontak san danje ak yon pwofesyonèl swen sante sou entènèt.

Jwenn plis enfòmasyon sou vizit vityèl yo

Sou zafè fè tè s la

Ou ta dwe **fè tè s** si ou gen sentòm COVID-19 yo oswa si ou te an kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19.

Fè tè s la se yon mwayen enpòtan pou pwoteje fanmi ou, zanmi ou yo, ak kominote a. Kontakte klinik doktè Mass General Brigham ou an oswa rele Liy Dirèk Enfimyè COVID-19 Mass General Brigham la (**617-724-7000**, lendi rive vandredi 8:00 a.m. rive 4:30 p.m.).

Li plis enfòmasyon sou tè s COVID-19 la

Mizajou 26 jiyè 2021